

Pembantoe sareng agen:
 Priangan koelon
 Bestuur Paoendan Bogor.
 di Tjandjoer
 Bestuur Paoendan Tjandjoer.
 Priangan tengah
 H. E. Paoendan Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Paoendan Tasikmalaja.

Ditjiek di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
 Priangan wetan
 Bestuur Paoendaa Tjiamis.
 Djawa wetan
 Bestuur Tjabang Paoendan Soerabaja.

LANGGANAN.
 3 sasih f 1,50
 Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie:
 Heerenstraat 31.
 Administratie:
 Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redakteur:
 SOETISNA SENDAJA
 ATMAWINATA
 Redakteur di Batawi
 SOERADIRADJA.

Directie: Administratie:
 Bestuur Paoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
 1/16 katja f 2,50 }
 1/32 " f 1,50 } Sakali moeat
 Langganan langkoeng mirah.

Holl. Inh. Kweekschool.

Ti kapoengkoer ngarep-ngarep hojong terang koemaha ateraan pangadjaran di Holl. Inh. Kweekschool nja eta sakola pigoeroeuan H. I. K., ari prak dina Sip. No. 38 aja, atoech asa mobok manggih gorowoug. Samemeh djsim koering pipiloeeun njaritakeun perkara pangadjaran di eta sakola, djsim koering bade njarioskeun heula pe kawis pizadiheun goeroe-goeroe noe bakal kaloear ti H. I. K., H. Chi-neesche K. sarang ti Europeesche Kweekschool Pamarentah di Volksraad njeuatkeun jen loehoerna pangadjaran di eta tiloe Kweekschool sami, ngan tempatna dibedakeun soteh koe sabab eta tiloe roepa goeroe bakal ditempatkeun di tiloe roepa sakola. Heran salaksa heran naon margina ari gadjihna eta tiloe roepa goeroe henteu sami, apas loehoerna pangadjarana saroea, loehoerna diploma saroea (gelijkwaardig) ngan oepama aja bedana teh nja eta di Holl. Inh. Kweekschool diadjar basa Priboemi ari ai Europeesche Kweekschool mah henteu, djadi meureun basa Walanda-na leuwih mah, katoeroeg? basana sorangan toeloj waktoena diadjar direaan. Tapi doeka ieu teh bisi njalah-an da djsim koering tatjan maha rarantjang pangadjaran Kweekschool Walanda.

Eta bae heranfa teh ari gadjih mimiti goeroe ti H. I. K. djeung H. C. K. mah ngan f 130, tapi ari ti Europ. Ks. mah f 180. Gadjih paoetoeop goeroe ti H. I. K. djeung H. C. K. Indische Hoofddacte ngan bisa nepi ka f 525 oepama djadi kapala sakola, tapi goeroe ti Europ. Ks. noe meureun Europ. Hoofddacte bisa nepi ka f 800 gadjihna. Eta tjenah pedah noeroetkeun B. B. L. 1925. aja golongan A. B. C. Adoeh karoenja teuing noe djadi oerang Priboemi ieu mah dihandapkeun teh oestoening taja sababna, ngan eta bae pedah oerang Priboemi Apan dina B. B. L. 1925 oge disebotkeun laoen-laoen golongan noe ascep kana C. bakal djadi golongan B. golongan B. bakal djadi golongan A., oepama noe njekel pagawean di golongan eta, geus aja di Hindia. Ajeuna eta goeroe kaloearan Europ. Ks. aja di Hindia, tapi gadjihna tetep saperti goeroe ti Eropa noe dikirim ka Hindia. Ari goeroe noe ti Eropa ka Hindia mah eta mah habakoeua noeroetkeun "vraag ou aanbod" teu daek koe f 800. Kadjeun teuing nepi ka f 2000 oge tebak bae kirimkeun bae, oepama oerang perloe mah di Hindia. Oepama oerang perloe maha pagawe noe katjida gede mangpaatna, oepamana doktor atawa naon bae, oepama oerang di Hindia henteu bogasarta koedoe ugadatangeun ti Eropa. nja nepi ka sabaraha bae gadjihna soepaja eta doktor atawa naon bae daek dikirimkeun ka Hindia.

Ari goeroe kaloearan ti Europ. Ks. gadjihna saroea djeung goeroe noe dikirim ti Eropa pangartina saroea loehoerna diploma saroea djeung goeroe ti H. I. K. sakolana saroea di Hindia, tapi gadjihna beda. Lain oerang Priboemi koedoe njirik ka Walanda di Hindia, tapi noeroetkeun kaadilan eta lain kitoe. Apan digadjihna mah saroea tina kas. Hindia. Mangkaning kas Hindia teh doestina lain ti Walanda woengkoel, tapi ti sakabeh pangeusi oerang Hindia. Oerang Priboemi noe beunghar gede marjana padjeg, nja kitoe deui Walanda saroea ateraanana da aja beastingunificatie ajeuna mah. Ajeuna kabeh teu pilih beoleu teu pilih koelit sakoer noe koelat, majar padjeg pangasilan. Beura kaja deui bareto sakoer paga-

we Pamarentah noe kaasoeop Priboemi henteu koedoe majar padjeg pangasilan, ajeuna mah da ateraan teh henteu kitoe djoeragan Sastra djoerahan Wira oge majar padjeg pangasilan teu aja bedana sarang toean Simon toean Meyer Padjeg harta banda saroea majar teu beda satoengtoeng hoeneek. Tjing djsim koering hajang njaho dina naon bedana kabebourat oerang Priboemi djeung Walanda di Hindia. Eta dina karata api kartjis koneng leuwih moerah batuu kartjis bodas. In da tempatna oge keur noe meuli kartjis koneng mah baraoe, kalotor. Apan tempatna oge misah.

Bilih aja noe njebat, maskapo-maskape Walanda gede mere kaentoeangan ka Goeperemen. Leres gede mere kaentoeangan, tapi eta teh lain beunghar Walanda woengkoel Bener noe djadi kapalana Walanda noe palinter tapi noe ngadjsilankeun oerang Priboemi noe pagaweanana beurat, tapi banjarana seuseut tjoekeop keur hiroep Walanda noe boga modal, noe boga oetuek oerang Priboemi noe boga tanaga hadag, noe daek matjoeel bebelakoean. Tjebi mangga manahan kadjeun teuing hidji oerang Eropa di Hindia sakoemaha pintera oge, piuter bisa ngoekir langit, tjek pari paos mah maal bisa njeun pabrik goelamanoen taja noe matjoeina, taja noe nanggoeng atawa ujuroug tiwoe ka pabrik Da kadjeun aja mesen aja naon oge, tatjan bisa ajeuna sagala roepa koe mesiu noe beunghar didjalankeun koe hidji oerang Eropa bae. Koedoe bae rea djelema noe migawe Aja modal euweuh noe ngadjalankeun maal hidji centoeangna. Aja modal doeit pirang-pirang joeta maal bisa kitoe kieu oepama euweuh noe ngadjalankeun. Teu boga modal, tapi boga tanaga badan, ka leuweung ne. angan hoemboet-hoemboet kawoeng bisa hiroep, tapi doeit mah maal beunghar dihandapan keur tamba lapar. Ieu tjaritana dina tandingan modal djeung pagawe, ditjokot tjetekna bae, da maksoedna oge rek ngabandjikeun gadjih goeroe ti H. I. K. djeung ti Europ. Ks.

Masing disebot kitoe kieu oge koedoe saroea gadjihna goeroe ti H. I. K. djeung Europ. Ks. Eta tjenah beurat keur noe majar padjeg, oepama gadjih goeroe ti H. I. K. saroea djeung goeroe ti Europ. Ks. Toeroenkeun gadjih goeroe ti Europ. Ks., saroeakeun djeung gadjih goeroe ti H. I. K. tjekot rata-ratana atawa tengah-tengahna. Oepamana bae sakabeh goeroe kaloearan ti eta tiloe roepa Kweekschool saroea mimiti gadjihna f 150 nepi ka f 450. Noe meunghar Hoofddacte bisa nepi ka f 650, Tah meureun goeroe Priboemi noe ti H. I. K. teh maal njelelit teuing atina, maal siga rarantjang ateraan ajeuna.

Apan ajeuna ambtenaar Priboemi oge koedoe majar 2% tina gadjihna pikeun pansioen katoeroeg-toeroeg koe lantaran henteu dipotong ti boelan Februari 1925, ajeuna didobel dipotongna 4% Goeroe ti Europ. Kweekschool mah dines 20 taheun meunghar pangsioen 36% tina f 800, ari goeroe ti H. I. K. dines 30 taheun meunghar pangsioen 36% tina f 525. Koemaha kah noe kitoe adil?? Eta tjenah beda kapertjajaan Walanda djeung Priboemi. Beda dina naon? Walanda hajang boga papakean aloes imah aloes dahar ngeunah, Priboemi oge hajang taja bedana sagala roepa bargana keur oerang Priboemi djeung Walanda saroea. Saenjana hiroepna intellectueel Priboemi leuwih mahal batan Walanda lantaran tjampoer hiroepna djeung Walanda ongkoh djeung Pri-

boemi ongkoh. nepi ka papakean oge koedoe boga doea roepa keur tjampoer djeung Walanda djeung keur tjampoer djeung Priboemi. Poegoeh ieu teh euweuh noe maksu, tapi Walanda oge euweuh noe maksu koedoe njitjangan imah gedong sagala roepa. Koering pertjanten ka kg. T. Goepoer Djendraal ajeuna bakal nja-boet eta sakabeh noe matak noe nje-ri ka oerang Priboemi, lantaran mantenna rek ngabalikkeun deui kapertjajaan oerang Priboemi ka Pamarentah.

Djeung eta deni bangsa oerang saperti djoeragan Sojono di Volksraad sigana teh teu pertjaja ka goeroe Priboemi pikeun njekel H. I. S. noe gede. Koering boga pikiran kieu. Goeroe Eropa pangartina kana basa Walanda tangtue leuwih (kabiasaan-na) ti goeroe Priboemi. Tapi goeroe Priboemi noe kaloear ti H. I. K. tangtue tjoekeop pangartina boh tina basa Walanda boh tina perkara sedjen pikeun djadi kapala H. I. S. Djeung deui koering boga kapertjajaan jen goeroe Priboemi mah digawena (karereasaan) leuwih soson sosou ti batan goeroe Walanda, lantaran ngingetkeun kana kamadjoean bangsana. Lah kirang sae bae ari kedah ditjaritakeun sadajana mah.

Ajeuna bade njangkaeun timbangan, kitoe saroea, timbangan, perkara pangadjaran di H. I. K. tea. Ari di H. I. K. onderbonw mah sigana parantos leres ngabagina waktos pikeun sapangadjaran-sapangadjaranana. Ngan eta di beueuhouw asana teh na teu langkoeng sae oepami di klas I parantos diadjar opvoedkunde.

Da goeroe mah engkana teh toekang ngadjar, ahli ngatik djadi kedah ti tahoen ka I keueh diadjarana kana opvoedkunde teh soepados langkoeng kaeoeningana kana ngadjar. Lamina manawi tjekap koe saminggoe doea djam waktosna ngabantoen tina Lich opvoeding sadjam sareng tina Zang sadjam, djadi lich opvoeding saminggoe moeng 2 djam sareng Zang 2 djam.

Kadjabi ti eta asa ningnang noe djadi goeroe teu oeninga kana boekhouding sareng staathuishoudkunde. Djadi njehoenkeun di oenggal kelas diadjarkeun dina saminggoe sadjam boekhouding sareng staathuishoudkunde. Di klas II ngabantoen waktos tina geschiedenis sadjam sareng tina aardrijkskunde sadjam koe smoetan asa tjekap dina saminggoe 3 djam diadjar geschiedenis sareng aardrijkskunde.

Di klas II ngabantoen waktos tina aardrijkskunde sadjam sareng zang sadjam.

Asana teh langkoeng ti tjekap diadjar nembang saminggoe doea djam theorie sareng praktijk.

Di klas III ngabantoen waktos tina Ned. Taal sadjam sareng tina lich opvoeding sadjam.

Perloena goeroe kedah oeninga kana boekhouding teu kedah ditjaritakeun pandjang deui.

Apan noe djadi kapala sakola kedah njepeng kasboek bajaran sakola sareng kasboek noe sanes deui. Sarengna deui oepami oeninga kana boekhouding mah ka moerid atoech jasa nerangkeun boekhouding noe gampang keur kapertjajaan sapoe, babakoena ieu teh perloe keur boedak noe tamat ti H. I. S. henteu neroeskeun pangadjaranana.

Apan ajeuna Pamarentah geuning ngajakeun ateraan examen boekhouding sagala roepa keur goeroe Priboemi. Tah katjida saena oepami goeroe kaloearan H. I. K. teu kedah diadjar boekhouding di mana

parantos kaloear ti sakola, lantaran djongdjon bae diadjar pikeun examen hoofdacte.

Ari stsathuishoukonde mah perloena teh pikeun goeroe soepaja leuwih loeas pamaudanganana dina nimbang-nimbang sagala roepa, ma'loem apas goeroe teh koe oerang kampoeng mah djadi pananjaan sagala roepa (vraagbaak). Djadi kadjeun teuing di sakola handap maal ngadjar staathuishoukonde oge, ari oeninga mah kedah bae noe djadi goeroe teh.

Sareng eta deui dina natuurkennis kedah bae aja waktos noe ditjokot doeka doea miinggoe sakali doeka naon pikeun diadjar scheikunde Goeroe noe teu oeninga kana seheikunde asa dina hoetjoe batja mindeng roempoe-rampana. Mangkaning scheikunde beuki beh dieu beuki penting bae.

Di klas III administratie sakola saka-peung-kapeungeun kedah diterangkeun sareng diadjarkeun soepados dina prakna djadi goeroe oelah toemamoe kana administratie, kadjeun teuing dina barang mimiti benoem henteu ngadjalankeun soranga. Saheulaanan sakitoe bae heula.

Hr.

Hoekoem gantoeing

Maal aja noe bireuk, sadaja pada oeninga 3 diantara noe dihoekoem gantoeing ajeuna hoekoemanana koe K. T. Besar dirobah kana hoekoeman satoetoeop oemoer, Djadi beurat ham-pangna, eta ngan kari noe baris njo-rang.

Ti awalna keneh "pers" geus rame pada reboet bener, koemaha pihadeunana na koedoe disina hiroep atawa dipaehan. Noe lezing mah lezing pada medarkeun, koemaha kahajang noe tjaritana, alasan mani moeroedoel. Noe dihoekoem ngan kari paeh, . . . hiroep, paeh . . . hiroep . . . (Aja matak watir, da djahat-djahat ge djalma).

Keur djalma taja toedjoean maal boa, bati tjoenags tjinggeus hese rek moetoesna perkara. Lain moetoes dina laudraad, da enggeus ieu mah moetoes katangtoean enja, hak noe ditjanking koe G. G. Bet ngembang boled, djalma tengtrem tigiu kana papakemna, poegoeh koekoeh tjete-keianana, teu oenggoet kalindoean, obah koe kaanginan, tjara awi soemoer di pasir, sangkilang pating sa-reak moen angin mah, djebrod bae dipoetoes: gratie.

Atoh koering mah, atoh! Lain bae atoh koe koerangna djalma noe dipaehan bae. tapi eta koe asa reugreug boga doemoengan noe djiga kien teh. Pantas pisan pertjajaan noe diparentah teh. Maal bae djigana moen kaja kieu mah, kapertjajaan noe didawoehkeun koe Andjeunna leungit teh, gantjang poelangna deui.

Koemaha ari dina "pers" waktoe ieu, koe lantaran gratie tea?

Enleuh, ambeu edas rame geundjeung, gandeng meureun moen kadenge mah tingtorowokna.

Nieuws v. d. Dag, dibateraan koe Soer. Hd. bl. Locomotief, Sum. post. enz. ting pirikitingting, tingplotot, tingporongos, nganaha-naha bet kitoean. Noe pangheulana pangpana. Roepa-roepa alasan moeroedoel baridjil. Berer henteuna eta alasan tea . . . doeka.

Madjar teh: eta poetoesan matak toegenah pisan pikeun rereana bangsa priboemi djeung Eropa. tangtue koe mere gratie teh kapertjajaan noe disebot leungit hamo datangna deui

Ti pipirhawoe.

Tjabang-tjabang Paoendan ajeuna meunghar rintangan.

Keur sawaréh ledan mah djadi hal anoe siga-siga boream pisan, ing hale aboes kana paribasa: "Waar een actie is, daar volgt eer reactie".

Zonder strijd is geen overwinning. Biasa, netelakeun, jen. Paoendan di pikasieun djeung dihargaan, dianggap saperti kolot, henteu tjara noe enggeus dianggap saperti ka boedak.

Talingakeun anggoer, saha bae, sing poegoeh djalmama, tjaritana, poena tempatna; oerang boga vergadering openbare vergadering Officieel ougkah.

Gelenjoe

(*)

malah beuki euweuh bae, eta poetoesan ngaroeksak kamaanan nagara, paketrok djeung papagan agama boh Islam boh Kristen, da geuning tjekuk tjokroamingtoe djeung A. Salim oge Islam mah koedoe njekeun hoekoem maeahan djalma, da aja dina koer'au.

Tjekuk Dr. Moresco, oenggal hoekoeh saha? oge taja hak ngarobah hoekoeman noeroetkeun perasaanana noe dipatok koe oewet.

Tjekuk toean Feith resident pangsoen, G. G. teh teu ngingetkeun kajaan rasa bangsa kawetanan anoe tangtue ngarasa teu adil, lantaran teu ngarti kana eta poetoesan.

T. Frijling (tilas vice pres. Raad v. Indie) risi, bisi amtenar-amtenar handap babakoena poelisi djadi baroerangan, boga perasaan koerang noe nangtajeun.

Noe teu panoejdjoer, noe sarieuneun djadi aja matakua, eta gratie kana hiroep koemboeh, pada ngaririm soerat ka "pers" nembongkeun karisi djeung kateu panoejdjoenanana. Noe tembong hidji doea bae. Loba teuing tjenah.

Anoe tembong panoejdjoer kana poetoesan G. G. boh disaleungeurikeun madjar teh kiroeh pikiran, teu pisan boga timbangan boh disentoran koe noe sedjen, atawa disebot sakait djeung noe ngariboetkeun.

Pikiran koering noe laip, lain sih rek mangmeungharkeun kaom P. K. I. ih djaoeh kana kitoe, atoech hoekoeman beurat teh teu koerang, naha tetela djalma noe karitoe teh koedoena dipaehan? Naha tangtue barisna matak sieun, keur djadi tjonto ka noe sedjen. Tjenah di Amerika noe dihoekoem pati beuki rea, djeung ngoerangan mah noe djahat kalah ka ngarekahan. Koemaha eta. Geuning kitoe! Djeung eta sok matak sada-toegenah teh, ari keur oerang mah si Inlander sok sagala teh dimahikeun bae. Geura saperti ieu: hoekoem rangket keur di Eropa mah poegoeh teu perloe tjenah, tapi keur noe koeli di dieu mah perloe pisan oelah leungit tjenah, hoekoem gantoeing di Nederland mah euweuh, ih ari di bawahanana mah koedoe da beda deui djalmama. Tab, koe kitoeana.

Ari aja noe ngotjel - ngotjel rada mangmeungharkeun rama pada ngaronom.

Ngan noe tangtue bae rek euweuh, rek aja oge kapertjajaan mah teu koedoe ditongtrongan, diriboet ditagiwoerkeun engke oge moen enja euweuhna tea mah, tangtue datangna deui, moen geus tetela, karasa kaadilanana mah. Kapertjajaan dihoedangeunana taja lian, djaba ti koedoe koe kapertjajaan deui.

(*)

Pak gade partikoelir.

S. K. Indische courant njaritakouwen Indonésische Studieclub di Soerabaja menta paidin ka K. T. Besar soepaja meunang ngajakeun pagadean partikoelir. Ari noe dimaksoed nja eta ngentengkeun ka djelema noe talangsara dina djeroning neangan pangoepe djiwa, koe nampa gadean barang noe leuwih moerah hartana, make renten noe meudjeunna (billijk).

Tina hal ieu M. geus medarkeun, angen-angenna dina s. k. *Nieuwe v. d. dag.* Heran katjida tjeunah "Ind. Studi klub" noe toedjeunna revolutionair malah extremistisch (ngariboetkeun) bet mikir-mikir kana economic, koe djalan ngajakeun pagadean tea.

Sarerea pada terang, sing saha oge teu meunang ngadjalankeun perkara goeda gade noe geus dipatok dina palanggaran nagara, oepama nja pagadean Goepernemen ari ieu heg menta kalonggaran paidin anoe geus ditjabeot, nadjan make alasan rek noeloeng ka djalma leutik.

Koe ingetan ieu perkara teh lain tjabakenna djalma ngarora noe koerang loeang, nadjan sakoemaha "merahna" oge, da tetela pisan tajan aja teu beunanganana dina djeroning biroep koemboeh.

Baroto noe djadi lantaran ditjabeotna paidin teh koe sabab lobana pagadean noe saroepea kitoe ngalantarankeun reana bangsat, (kapalingan), sabab djadi ngagampangkeun djoerodjana pikeun ngadjoelana barang gelap.

Ieu lantaran teh ajeuna oge masih keneh dipageuhan.

Djaba ti eta deui, katjida pisan hesena keur elid-elid Studieclub noe sakitoe ngarorana keneh sarta paranas darah ("heethoedig"), pikeun neangan naon noe djadi lantaran pangna djalma ngagadekeun, maha eta teh koe kamakatan, kakedoelan, lantaran napsoe maen (dobbelzucht) djung d. t. e. (ari pakgade goepernemen?) Barina ge saha noe naris nitenan?

Mana teuing piheueunana baris ngadjalankeun pagadean kitoe! (Iefdigheids pandhuis). Nambah-nambah titenaneun Pamarentah.

Neangan tarekah soepaja renten toeroen pohara hadena, tapi ngadjalankeun noe dimaksoed koe Studieclub ajeuna estoeng pagawean moebah, sabab leuwih teu poegoe, batan noe rek dipurangan djung na deui meureun maal beres didjalankeunana.

Atoeran-atoeran pikeun toeloeng tinoeloengan (philantropische instellingen) nepi ka waktoe ieu timboelua woengkoel ti "Kolon" (? N.)

Nembongkeun kanjaanana, bangsa nonoman Priboemi noe "Revolutionair" teh (typeerend) koe ngahadja ngelik mikiran hal Pakgade (?? N.) Pakgade disarangka anoe koedoe dipurangan, padahal eta mah ajeuna teh woengkoel koe dilantarankeun koe: adat istiadatna bangsa djung kanjaan oerang priboemi (imheemsche toestanden).

Menerken memeres adat djung kanjaan pohara leuwih hadena batan n. meres ngatoer Pakgade. (Poegoeh bue. N.)

"Men moet oorzaken wegnemen, wil men gevolgen vermijden".

Koedoe ngalungitkeun noe djadi lantaran, lamoen rek ngag ngadjoehan kadjadihana (toengtoengna).

Aja bener, eta toengtoengna. Panoe-ujoe pisan. Menmoet . . . Tapi ajeuna emoekeun: Naon sababna noe matak "studieclub" noe toena tea pamang-ghina neni ka rek ngajakeun pagadean partikoelir?

Pirakoe ari teu aja alasan noe pohara pentingna onaman.

N.

Mabal djalan lantaran katoegenahan.

Di sawareh tempat rea djalma noe djadi kominis teh beunang diseboetkeun koe lantaran rea djung teu ngarti kana atoeran-atoeran oedang oedang nagara, tjeuk hidji corr. s.k. Lokomotif.

Tjeuk bedja baris diteangan kate-rangan sadjelas-djelasna, naon anoe djadi kateunangan somahan, noe matak pipioeun kana niieun kari-boetan. Noeroetkeun oetjapan oerang rea mah, eta koe sabab bestuuramb-

tenaren teu pisan ngingetkeun kana kasoesah somah, katambah koe di-reguleran koe ngeroeskeun roepa-roepa atoeran djung kapolisian, nepi ka euweuh pisan waktoe keur ngeroes panjambat somah, njarita-beun kaberatna, kaseunggahna.

Poegoeh pisan dina koempoelan loerah loerah noe ditjaritakeun saperti di handap ieu teh koe timbangan mah njabeulah djung teu tepi kana doedoekna pisan perkara, tapi koe doegaan mah dina koempoelan noe kitoe teh tara pisan katimbang naon naon noe djadi kateunangan somah. bisa djadi lantaran teu wani noe djadi loerahna atawa oge sabab taja pisan kalonggaran pikeun njaritakeun Geura:

Bestuurambtenaar: "Aja noe gering? Loerah-loerah: "Teu aja"

"Koemaha tedaeun tjoekeop, teu kakoeangan?"

"Soemoehoen tjepak"

"Koemaha padjeg-padjeg geus beres?"

"Soemoehoen teu atjan."

Derengdeng ateh noe djadi ambe-naar teh miwedjang, lgawintjik ngabedjer-beaskeun koemaha sababna noe matak pohara perloena padjeg ditenanan. Loerah-loerah noe pang reana boga toenggakan meucang patjuseul.

Ti dinja prak nerangkeun atoeran parentah noe anjar datang.

"Koemaha kaharti?" "Kahartos"

"Baris diroeskeun?" "Soemoehoen dawoeh."

Tah, kitoe. Da boektina reuning ari diroeskeun mah bet tarimbobei oendjoekan-oendjoekan teh. Somahuu teh koerang pandoeuna kana saba-baraha roepa oedang - oedang Ge-westeljk Raad, saperti kana rooiver-ordening, koe sabab somah teh teu bisa ueroetkeun maksoedna sorangan njeun mah, da ditangtoekeun tea tempatna, njanghareupna. koma ana geus padoedjang-toedjang djung itoengan kapertjajaana (palintangan), koe maranehanana teu kaharti naon perloena pasar pasar koedoe sakitoe haradana, noe karasa mah woengkoel koedoe majarna

Sangkaanana ngaspalt djalan teh koedoe dibajar koe doeit noe diseboet "vervoerkosten". Major segel dina kawin atawa njerahkeun oge teu dipikaresep. Poegoeh tjeunah ari ngan 15 sen tea mah, koemaha da ari se-ring kadjadian mah apas djadi gede, dj. s. t. Katambah-tambah eta atoeran atoeran noe teu kaharti pisan koe maranehanana teh, ngan woeng-koel matak koedoe ngalocarkeun doeit bae enz.

Tah kitoe tjeuk eta corr. teh djadi tetela pikeun di "pasi-an" si Soimah teh, anoe koerang mangartina koedoe dibere katerangan saperloena soepaja karaneun kana naon perloena manehna koedoe oetjoei euei sakoe.

K.

Kempelan Pasoendan di Bogor.

Saparantos Djoeragan Soeradiradja medar pamendakna ditema koe sawala (debat).

Awit Djoerahan Poeradiradja, kinten-kinten kieu ringkesna:

Andjeunna njarioskeun djalanana midamel eta boekoe, nja eta aja anoe ngintoek-un karangan ka Bale Poestaka perkawis pait peuheurna njandoeng. Koe margi eta karangan sae tapi katimbang saeutik teuing, koe Bale Poestaka ladjeng diwoewoehan koe tjarita anoe sakira patali sareng eusina (maksoedna) karangan anoe tadi tea. Nja anoe kapilih pisaeun djadi pangwoewoehna teh, sabagian tina boekoe basa Djawa kaloesaran Bale Poestaka keneh, karangan oerang Djawa anoe parantos kagoemita kanjaanana ka bangsaana sareng kawentar kapinteranana, anoe ditawis nganggo sandi asma dina boekoena koe "Soera" (Swara?).

Maksoed Bale Poestaka njalin eta karangan Swara, lain pisan-pisan arek nganjenjeri "atawa ngera-ngera, soe-mawonna ngahina mah ka oerang Soenda, tapi ladjeng ngaladean sipatna anoe teu hade. soepaja eta tjarita djadi pieunteungeun. Ari katoeroeg-toeroeg eta boekoe teh asal basa Djawa, karangan oerang Djawa, djadi sama sakali teu kenging dikeunakeun ka oerang Soenda.

Toer itoe oge anoe asal kagoengan

karangan, lain rek ngawiwirang bangsaana. tapi karepna ngan woengkoel rek miwoelang tina bakating koe njalah tea.

Boekti deui, sakitoe geus lilana eta boekoe kaloesarna, geus aja poeloehna taoen, teu aja sucerang oerang atjan oerang Djawa anoe njarioskeun kateun-geunahanana. Perkawis aja karoesna matak teu ngeunah, ajeuna sanggeus disalin kana Soenda, eta oelah diang-gap salah koe oerang Soenda, adatna ari oerang mah sok pait, djung sok njeri deui, tapi matak njageurkeun kasakit. Oepama oerang emboeng njeri emboeng pait ateh maal aja tjeunna. Ieu mah koma bakal aja peuheurna. da poegoeh ngaranna oge geus pait peuheurna njandoeng. Oepama oerang aja anoe njawad, eta panjawad teh lain koedoe dibales koe goreng, tapi sasar heula dina badau oerang, soepaja petjajadan oerang bisa di oeman atawa dileungitkeun-pisan.

Bale Poestaka, saor Djoeragan Poera, katjida atitina dina nimbang boekoe anoe rek dikaloerkeun teh, djadi oelah dianggap goreng, nadjan aja matak teu ngeunahna oge, da muksoedna aloes nja eta arek ngadjoengdjoeung ka oerang priboemi. Komo dina palebah dieu mah, koe margi Djoeragan Soeradiradja sakitoe isina sasaoerana, perloe eta boekoe diaraos heula koe andjeun, dimamah heula ditimbang heula, oelah waka ladjeng ditampi bae saengelna motie anoe tadi. Ari perkawis boekoe Para bangsa mah teu kedah ditjaros-keun deui margi koe B. P. parantos ditjabeot.

Satoetasna Djoeragan Poera sasaoeran ditema koe Djoeragan Natami-djaja njarioskeun jen seuseucurna pitjaroseun andjeunna parantos dida-dar koe Djoeragan Poera, ngan njang-gakeun timbangan jen koedoe ati-ati nybatkeun awon kana eta boekoe. lantaran teu atjan sadajana matja eusina oetamina mah: kedah dibatja heult, koma moen ngemoetkeun jen eta boekoe piwoelang.

Ti dinja ditema koe Djoeragan Soegeng, anoe njarioskeun kapanoed-joengan manahna kana samoe-kawis anoe parantos dipedar koe Djoeragan Soeradiradja tea, lantaran omongan-omongan anoe soelap selip dina eta boekoe tetela awonna sareng aja mak-takna. Oepama eta boekoe dibatja koe bangsa sedjen, maal boa toeloep pertjaja lac, sarta njangka jen enja oerang teh, kitoe sarerea, geuing oerang Eropa anoe lomana ngan woengkoel djung djongosna, apan njangkana ka bangsa oerang teh nja tjara ka djongosna tea bae. Malah dina timbangan djoeragan Soegeng mah eta boekoe teh koedoe ditjabeot, da dikaloerkeun taoen 1913, ajeuna mah geus teu meudjeunna diliarkeun.

Djoeragan Joesoep Sama ti S. I, nema djoeragan Soegeng. Andjeunna nybatkeun jen pantes bae Djoeragan Poeradiradja mah sasaoeran kitoe oge, da pagawe Bale Poestaka. Timbangan Djoeragan Joesoep mah Bale Poestaka njempad njandoeng teh, sami sareng ngeundeuk-ngeundeuk Islam. Perkawis njandoeng sae awonna teh ngan koedoe ditimbang koe naratja Islam. Koe margi eta andjeunna mah katjida moepakatna kana motie anoe tadi teh, malah ngiring noempangkeun panoehoen soepaja eta boekoe ditjabeot. Saparantosna tea aja deui anoe njarios, ladjeng Djoeragan Voorzitter nganoehoenkeun ka sadaja anoe pa-rantos meparin katrangan, sareng masrahkeun ka Djoeragan Soeradiradja pikeun ngawaleran ka anoe sawala ka andjeunna. Moeng diwoewoehan koe kahandjakal manahna reh Djoer. Poera teu ngawartosan ti samemel- vergadering jen boekoe Para bangsa geus ditjabeot koe Bale Poestaka.

Waleran Djoeragan Soeradiradja kieu:

Perkawis kapinteranana sareng kanjaanana anoe anoe asal kagoengan karangan, eta henteu matak djadi lantaran kana ngeunahna panjeuseul sanggeus aja dina "basa Soenda, da teu aja katranganana naon-naon di dinja mah. Anoe diroeskeun ajeuna mah pok-pokanana boekoe basa Soen-da kaloesaran Bale Poestaka, rea omo ngan anoe henteu bener toer matak njeri kana hate, ngahinkeun ka oerang Soenda ti somahna tepi ka pangagoengna. Oengelna omongan anoe matak goreng balokarna tea tadi hidji-hidjina parantos dibatja, manggra bae aras heula. Koe djoeragan Soeria ladjeng disos deui tjoutona, nja eta: **awewe sazen salawe; panga-**

goeng bangsa oerang teu barogaeun pikiran; bangsa oerang teu oetama soesoegoehna ka tamoe; sareng seueur seueur deui.

Lamoen enja beunang noe pinter, beunang noe njauh ka oerang, nahu ateh make njeuseul koe omongan anoe matak pikunjerieun?

Nadjan eta piwoelang anoe pinter katimbang hade meureun hadena teh pikeun piwoelang taoen 1913, wak-toena eta boekoe mimiti ditjatak, ta-tjuu tangtoe hade pikeun taoen 1927, malah tetela ajeuna mah matak njeri. Naha ateh koe Bale Poestaka make disalin kana Soenda dina taoen ieu, anoe geus lain oesoemana.

Kana maksoedna hade tea, pedah rok miwoeroek mitoeoer, hojong ngawoelang ka oerang, tetep oerang oelah moepakat ari matak ngubarobah-keun, toer pok-pokanana sakitoe njarogokna mah. Geura lamoen aja goeroe sakola anoe ngawarah boedak, make nyabokan ngadjedjekan moerid kapan ajeuna mah dilengka koe hakim. Naha make didengda, kapan maksoedna mah hade, ditjapak soteh urek diwarah! Eta taja lian ngan waktoe djung atoeran anoe teu me-re teh; djadi piwoelang Bale Poestaka koe panjeuseul kitoe teh. ajeuna mah geus lain waktoena, salah atoerana. Moestabil Bale Poestaka teu oeninga kana elmoie atikan anoe aloes djung bener. Naha henteu noeroetkeun dja-lan-djalan atikan aloes tea piwoeroek-na?

Perkawis pamoendoet Djoeragan Poera, jen lamoen oerang aja anoe njawad, aja anoe moek nadjan matak njeri matak peurih. oelah ngambek tapi koedoe narima, koedoe nja-sar kasalahan sorangan, eta ngan aja dina bae, boektina mah tara aja anoe dipojok teu ngambek. Komo ieu mah panjawadna teh dina boekoe anoe di djung dagangan. Naha ari njawad sareng moek. anoe djadi panjeuseul eta teh lakoe anoe sae atawa awon?

Tadi koe Djoeragan Poera disebat-keun jen eta piwoelang teh saenja keunana ka bangsa Djawa, sanes keu-na ka oerang Soenda. Koe Djoeragan Soeria ditjaroskeun jen eta katrangan soelaja tina boektina, bada ti eusina eta boekoe lantaran dina panganggeu-saan goemem tjatoerna dina eta boekoe kasabat kieu:

Tjamat Tjineam: "Jaktos pisan kitoe kaajaanana di bangsa oerang mah!"

Toeh, kapan tetela keunana teh ka oerang, ka Soenda, da di Djawa mah maal aja Tjineam.

Koe Djoeragan Soeria diterangkeun deui jen sanes sagemblengna boekoe awon teh, tapi eta bae bagian pang-woewoeh Bale Poestaka salinan tina basa. Djawa tea. Kanjaah Bale Poes-taka teu dileungitkeun, da tadi oge geus timpal ditjaroskeun.

Saparantos Djoer. Soeradiradja nga-waler anoe sawala, ladjeng Djoeragan Voorzitter moetoeskeun perkawis mo-tie tea sarta dipoedoet soepados anoe moepakat kedah ngadeg. Moeng opat liman bae anoe henteu miloe ngadeg lantaran blanco teu bade ngiring nje-ten noe sanes mah moepakat. Eta motie ditampi koe vergadering.

Saparantos ngaso, diladjengkeun deui koe biantara Djoeragan Mr. Sarip. Djr. voorzitter ngalatoeranan Djr. Mr. Sarip pikeun njarioskeun hoekoem adat.

Djr. Mr. Sarip nganoehoenkeun ka noe saroeumping, hidji tawis jen oe-ninga mangpatna kempelan, tawis pada njauh ka bangsa. Taja deui akaina ngan koedoe ngahidji, lamoen oerang ladjeng papanggih djung mak-sad noe dilamoen. Perkawis hoekoem adat saerna eta titinggal ti kolot oerang, noe koe oerang ajeuna di-momorekeun pisan. Boektina hoekoem adat noe sakitoe saena, diolika-na teh lain bangsa oerang tapi bet koe deungeun. Hoekoem adat bangsa oerang teh gadoeh sipat-sipat noe hade pisan, toer beda ti noe deun-geun. Oepama oerang wawoeh kadinja njata pisan lain noe deungeun bae noe aloes teh noe oerang ge lain barang lalamohek, estoe loba pisan poeloenganunana. Handjakal pisan hoekoem adat oerang noe dasarna verwantschap, deungeun mah individu, bet dipapajna teh koe noe lian. Atoeh maal papanggih djung noe hadena. Meudjehna lamoen njeboetkeun oelah diomean oge, da teu karasa eun saena. Koemargi eta andjeunna ngadjak ka sadajana soepaja pada kersa babarengan silih bantoe oerang ngom-pelkeun sugala katerangan-katerangan

noe ngahidji sareng hoekoem adat bangsa oerang.

Disoehoenkeun ka sadajana soepaja pada kersa ngabantoe koe artikel-artikel hatoerkeun ka kempelan noe ajeuna parantos diadegkeun koe Mr. Ishak di Batawi.

Saparantosna Djr. oetoesan Paroeng njarioskeun kaotohanana tina keur katjida boetoeina, ajeuna koe Mr. Sarip ditangtang bisi boga pangabo-toeh, ladjeng vergadering ditoeoep kinten taboeh doea.

Noe laladjo.

Agenda algemeene vergadering "Pasoendan" di TASIKMALAJA.

Malem Minggoe ping 16/17 April 1927 ngawitan taboeh 8 souden di H. I. S. "Pasoendan".

Algemeene vergadering woengkoel ngggeun oetoesan-oetoesan Tjabang ieden Pasoendan sareng ondangan.

Noe dibarempagkeun:

- 1 Woewoehna hypotheeksubsidie H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja f 400.
- 2 Sipatahoenan djadi officieel organ Pagoejoehan "Pasoendan".
- 3 Propaganda "Pasoendan".
- 4 Rondvraag enz.

Dinten Minggoe ping 17 April 1927, ngawitan taboeh 9 endjing endjing di H. I. S. "Pasoendan" Openbare vergadering "Pasoendan". Sadaja djoeragan-djoeragan asal bae parantos joes-wa 18 taoen dihatorenan ngaloe-oehan ieu vergadering.

Noe bade ditjaroskeun:

- 1 Pamoeke tjarios.
- 2 Lezing djr. Otto Soebrata Gedeputeerde Prov. Raad Lid Volksraad, tina Provinciale Raad Regentschaps-raad sareng dessa aangelegenheden.
- 3 Biantara djoer. Soeradiradja tina: Koemaha tarekah oerang sarerea soepaja bangsa priboemi hiroepe-na oelah sangsara teuing.

Sareng roepi-roepi deui noe bade ditjaroskeun koe Leden H. B. "Pasoendan" ti Batawi.

Oelah lepat moegi kersa soemping dina waktoena!

Naros sareng debat vrij.

Oepami perlöb ieu agenda kerging dirobah.

Leden Raad Kaboepten perloekeun soemping!

Bestuur "Pasoendan"

Tjabang Tasikmalaja.

N. B. Dinten Senen 18 April kempelan Pasoendan di Tjiamis

Madjoe.

Eta teh katjapangan bangsa oerang di Hindia ieu noe niat ngaroengga-keun daradjat bangsaana, tapi bisa djadi pikeun bangsa-bangsa sedjen oge tapi babakoena mah pikeun hidji bangsa noe masih diparentah deun-geun.

Tjeuk sarerea oge pikeun ngama-djoekkeun hidji bangsa teh koedoe koe onderwijs, tapi onderwijs noe koemaha noe bisa ngamadjoekkeun teh; ari sakadar sakola tjara sakola desa noe didjieun koedoe koe somahan mah, asa tanggel tereh kunoie dimaksoed, loba bae doe bisa matja djung noelis, tapi ngan saka-dar pikeun djadi kabo djengkeng.

Di oerang oge djalma-djalma teh geus njaho dihartana sakola, boektina saban taen baroedak ratoesan, noe teu ditarima ka H. I. S., lantaran teu aja tempat.

Geus poegoeh kanjaohan, jen koerang tempat pikeun baroedak diadjar, tapi teu kaharti noe wadjib, nja eta Pamarentah, bet ngadjeunkeun bae, njeboetkeun koerang ongkos, asa pirakoe, da doeit mah kawasna maal koerang, moen enjaan mah rek ngamadjoekkeun, ateh oen enja teu sempet pikeun njeun H. I. S. anjar, eta bae ateh pakoempoelan noe menta subsidie pikeun njeun sakola noe empoerna, berean.

Ketjap madjoe djung a l a m k a m a d j o e a n ajeuna teh meh geus bidjil ti saban biwir tapi eta teh sar-roe bae djung penimang hidji in-joeng ka boedakna neleng neng-koeng neleng nengkoeng tea, da ari prakna mah anoe bener hajang ngamadjoekkeun bangsa rada langka keneh.

Hajangna djung resepna sakola pikeun bangsa oerang sakitoe mah

Parigi	1	4
Djogja	4	25
Tjirebon (Sindanglaet)	1	1
Semarang	150	?
Serang	50	srek
Pandeglang	50	riboet kaneh
Soerabaja	1	50

Beurs kira-kira
Keres lepatna Bestuur Tjabang kedah njeratan ka H. B.
Kanggo kongres ougkoh kedah njandak soara!
Di mana-mana tiasa diadegkeun, bilih rada seah, sae njeratan ka H. B. asal seueur noe harsjangeun atanapi boetoeheun koe kaperloean niroep.

„Asa teu adil djadi teu Raos”

Desa Padaherang katjamatan Kali-poejtang distrik Padaherang Afdeeling Tasikmalaja asalna oeroet Katjamatan malah baretona pisan msh Kawadanan djadi pantes dina kalasiran ajeuna di dieu klas I. ka-tambah aja pasar djeung Halt, Dessa Tjigandjeng, baretona oeroet Katjamatan toeroeg-toeroeg aja Halt djadi pantes koe kalasiran ajeuna didjieun klas I sami sareng Padaherang Ari dessa Tjipitjeung djaoehna ka Padaherang sareng ka pasarna (ka halte-na) aja 1 1/2 pal ka Halt Tjigandjeng oge 1 1/2 pal djaoehna, djadi moenasa-bah koe kalasir didjieun klas I. tapi saroes djeung tanah Padaherang sa-reng Tjigandjeng klas II asa adil, tapi barang dessa Tjipitjeung di sowak, saparo dessa ka asoep ka Tjigandjeng saparo deui ka Padaherang, tanah anoe tadi klas I Tjipitjeung klas II Padaherang Tjigandjeng teh djadi ajeu-na didamel kelas I sanes sareng klas I Padaherang Tjigandjeng, atoech teu kintan bae abdi-abdi teh teu raosna asa teu adil koe margi ieu, njoehonkeun koe noe wadjib dioeroes deui samoeheha diendojoekeun ka Raad Kaboeupaten, neda kamandug djoeragan Redactie, salambar Sip. ka Kangdjeng tnean Asistent Resident Tasikmalaja heula.

poen
H. proewita.

Pasar Malem-Pertongtonan ka I (le. Jaarmarks-Tentoonstelling) di Djogjakarta

tg. 30 Juli - 10 Augustus 1927
Tina sagala roepa karadjian oerang Priboemi Hindia Nederland saperti: Anjaman, tinoenan, batikan, barang logam, karadjian tina awi djeung kai, tina koelit tina tandoek, penjoe, kima (loekan), giwang djeung gading, tina batoe djeung tanouh limpoeng, stroop djeung atjar perhlasan tina kekembangan, boeboehan, jalab-lalaban djeung pepelakan noe sedjen (hasil tani).
Barang-barang (menta tempat koe-doe samemeh 10 Juli 1927 geus ka tarima di Djogja koe bestuur Jaar markvereeniging, noe rek mangdjoe-alkeun sarta moelangkeun deui teu kalawan menta ongkos (ngarogikeun) ka noe boga.

Ngan bargana koe noe ngirim koe-doe ditcekkeun 10%
Tempat katoet lampoe listrik di-sadiakeun reudjeung pertjoemah oepa-ma di Pasar malem eta barang aja noe maling baris diganti sahangana, kadjaba lamoen di djaan dina spoor, tram, kapal atawa kahoeroean.
Bestuur Jaarmarkvereeniging Djogja Beschermbeer: J. E. Jasper Resident Djogja.
Z. H. Sultan Hamangkoe Boeono 8 Voorzitter: P. Westra A. R. Djogja.
Secretaris: Dr. Adam Controleur Djogja.
Penningmeester: J. R. van Ben-sekom Gew. Secretaris.

Sip No. 35.

Moehi kasanggakeun ka djoeran [Moechamad Ambri].
Wirah djoeragan parantos noedoeh ka sim koering ngatrok, djadi ajeuna koering njoehonkeun dilereskeun sareng neda ditodoehkeun, saroepe lahiran djoeragan M. A. ari alip 3

teh njaeta Allah Acmad Adam, koe pamendak djsim koering ieu teh sami bae sareng Allah Moechamad Adam Achadiat Wahidiat Wahdanijat Dalang Wajang kelir, djadi henteu noedjoe Alip tiloe bae.
Ajeuna moegi djoeragan kersa n-rangkeun, saroepe.
Allah aja aksara 4 sareng aja pa-nasdjid ari Achmad aksara 4 namoeng teu aja pansasdjid koemaha njoeroep-keunana?
Achmad aksara 4. Adam aksara tiloe koemaha bisana tjoetjog 4 kana 3 lamoen aksara Adam 4 sareng naon aksara 1 deni?
Sareng oepami koering matja Ashadoe Anla ilaha ilalloh Wa Ashadoe Anna Achmad rasoolloellah kenging atawa henteu, lamoen kenging koemaha, lamoen henteu naon sababna?
Pikeun koering Agama = Agepe Agemi Angati-ngati eta lain sabab A. 3. tapi ngabantoen tina tekad kieu sanes diiteukan, saroepe Ma'ripat teh ningali, saha noe ningali? Oerang kitoeh? Kapan teu daja teu oepaja anging Allah, euh meureun Allah. Kapan ningali teu kalawan panon? tjing atoech djadi saha, lamoen teu koe Δ tjontona Djawa:
1: Doemoeng wonten ingkang tjario.
2: Doemoeng wonten ingkang nampeni tjarios.
3: Doemoeng wonten ingkang tjinario.
Ieu sindir kana salira keneh! nja teras kana basa.
„Napi moepi isbat moesbat, „Napi isbat.
Woedjoedina woedjoedika tah sapantona kieu nja ngardjoemengkeun andjeun tapi dina waktos koemaha ieu teh toelis koe Aksara Djawa a. a. oe.
„Toelis koe aksara Arab”
Alip didjibar = a:
Alip didjeer = i
Alip dipees = oe
(Samboengeun).

K A B A R

(Tina a. k. Sedjen)
Insinjoer Meertens didakwa menang doeit peresen (retourcommisie) koe Raad van Justitie di Batawi dibebaskeun tina perkarana.

Rodjioen Soetan Casajangan Soripata Harahap wafat; panjakitna beroerte (djadantoeng teu daek djalan deui).

G. G. teu moepakat kana naekna gadjih Gedeputeerde di Provinciale Raad Pasoendan f 500 djadi f 1000.

Pamarentah ngajakeun koemisi leutik pikeun mariksa hade henteuna, oepami lid Gemeenteraad bangsa Priboemi direaan. Voorzitterna Prof Dr. Logeman di Sakola Hakim Loehoer di Batawi.

Tarip pabrik listrik G. e. b. e. o di Bandoeng ditoeorenkeun 1/3 na mimiti boelan Juni '27.

Moese djeung Alimin pamimpin koemini ajeuna geus indit ti Singapoer ka Canton.

Vergadering S. I. di Djogja geus moetoes noeroetkeun oeara noe kajida reana Tjokro Aminoto teu meunang djadi lid Volksraad.

Keur waktos serdadoe kaom nationalist Canton (Tiongkok) datang ka Nanking, serdadoe kaom Pamarentah Tiongkok kaler ngaroeksak bangsa asing, nepi ka aja gongsol noe maot Kapal perang Amerika djeung Inggris ngabedilan kota Nanking. Rea djelema noe maot. Chiang Kai Shek katjids handjakalennana koe lantiran aja kadjadian kitoeh, tapi protest kana ngabedilan Nanking koe kapal perang Amerika djengng Inggris.

Gantina Minister oeroesan loear Nagara di Nederland Van Karnebeck nja eta Jhr. Mr. Blokland.

Hidji taxi di Soerabaja tigoebroes ka Kali Mas lantiran madjoena gantjang teuing. Noe djadi soepir Soekri loentjat. Noe ngeusian mobil tiloe djelema ragrag ka laeot. Noe doea maot.

Pertjobaan Philips nelepon teu make kawat ti Eindhoren (Nederland) ka Australie djeung Zeeland kadenge.
—o—
Dina tanggal 1 Mei '27 di Canton rek aja Vergadering kaom boeroeh ti tanah-tanah sakoerilingna laetan Pacific. Noe rek dibadamikeun nja eta soepaja kaom boeroeh bisa nolak kana ajana perang di laetan Pacific. Noe diondaug kana eta koempoelan uja eta Djepang Hindia, Roeslan, Amerika Sarikat, Mexico, Korea, Pilippina Indo China, Canada, Australie, djeung tanah-tanah di Amerika kidoe.
—o—

Wartos ti Administratie.

Oepami djoeragan ngintoeu artos langganan Sipx dina postwissel kedah diserat **nomer langganan**. Oelah lepat artos langganan kw. III kintoenkeun.
Karangan adreana ka Redactie Sip. Heerenstraat No. 31 Serat-serat moendoet langganan sareng serat-serat noe sanes deui mah kedah di-dreakeun ka Administratie Sipatahoenan.
—o—

HINDIA MADJOE.

Itoe, jaitoe karena kepandai-annja pendoeoeknja. Inilah maksoed kami. Akan mentjapai maksoed iri, kami mengadakan kesempatan boeat siapa sadja jang membajar f 2,— seboelan, dapat beladjar Bahasa Belanda dengan Cursus ditoeelis tiap-tiap minggoe seboeah pengadjaran.
Kirimlah f 2,— dan dengan lekas kami moelai mengadjar.
Bahasa Belanda f 2,— seboelan
Met Algemeen Onderwijs Bureau
Naripan 90
BANDOENG.

Na djoeragan teu atjan oeninga kana boekoe „Wajang Poerwa” pangaosna f 1,25 sareng boekoe „Democratie” pangaos f 0,12⁵ kaloe-aran Pasoendan Tasikmalaja. Oepami teu atjan enggal pesen.

Schoonmakelij en Kleermakelij
„Malah Mander”
Stationsweg 21 Tasikmalaja.
Tiasa nampi pesenan (kegtenan) ngadamel roep-roepi rakaekaan angge-epn pameget atanapi moerangtalih model tina moemoekeun saomaha kapala, sareng dijadikeun roep-roepi liwona.
Oge njajatin slop-slop, sendel-sendel spatoo-spatoo ketos oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boelodroes noe kasar sareng noe sae.
Hoermatna noe ngantos pesenan poen
O. Sasmita.
N. B.
Teeoeng Panama
noedidamel tina palm f 8,—
„ „ „ djakal f 2,50
strobtu (pamoelana) f 0,25

Al-Imtisal
Serat chabar basa Soenda diboeokeun kaluar sasasih 9 kali njaroskeun agama Islam woengkoel, diserat koe hoeroet Walandjaiwal daili-dailina.
Pangaos langganan pikeun di Hindia 3 Basih . . . f 1,20
loear Hindia . . . f 1,80
dibajar ti pajoen.
Pangaos advertentie 1/2 katja . . . f 4,—
1/4 „ „ . . . f 2,—
1/8 „ „ . . . f 1,25
(dimoeat sakali).
Langganan lang-koeng mirah.
Padamelan atanapi barang dagangan anoe dimoent dina advertentie, tangtos bae enggal maahoerna enggal kaoningana koe diali seueur margi: Al-Imtisal prantos gadoeh langganan tjekap seueurna.
Noe ngadjeung? Adm. Al-Imtisal di Stationweg TASIKMALAJA.

TECELFABRIEK „NAJA”
Goenoengabrolah TASIKMALAJA.
Midamel roepi-roepi tegel. pa-ngnos sareng kaktian ditang-gel ngabingahkeun.
Oegi midamel gambar boemi (bouw teekening), pangaos ti-asa badanten).
24 Directeur.

Toko en Drukkerij Pasoendan Tasikmalaja.
Ngitjal sanikanten boekoe pa-ngadjaran sakola sakola sareng aosan sepoeh anom.
Nemte medal wawatjan Ang-ling darma f 1,75
Ww. Sadjarah K. N. Moechamad (ngamaiah 10, ongkos vrij) f 0,25
Goeritan sakaia f 0,06
Neng Hajasi f 0,50
Paririmon sepoeh f 0,15
Biantara Democratie f 0,12⁵
Batararama 3 djilid f 1,50
Djabi ongkos ngintoekeun.

Hatoer oeninga!
Toko Soenda midamel babakan, tebihna ti Aloen-Aloen Tasikmalaja, nganggo delman 3/4 djam, kareta mesin 1/2 djam, auto 1/4 djam, malah ka telahna oge Babakan Soenda bae, ieu Babakan di damel tempat pikeun plestran, goena kasenangan sareng sport, disajikeun roepi-roepi kaamangan, di atoech njondong roepi-roepi parahoe, ti alit doegi ka noe ageung, malah aja noe kenging diango epamili, kaktian 24 pangoempang.
Ngawitan dina ping 7 Februari 27, prantos kenging diango pelesiran, sajagi Buffet asa kenging roepi-roepi katoangan, sareng leuteunteun, oepami anoe bade lebet, kedah majar entre 10 cent, pikeun sagala bangsa, Noe njandak kareta mesin, di sajagi-keun tempat moeng kedah meuar nomer 2 1/2 cent, soepados oelah itjal sareng ngagampikeun ka Pangoeroes.
B. S. A.

Peresenan paling alit f 1000. (sareboe roepia).
Oepami djoeragan ngagaleuh boekoe-boekoe paling alit pa-pangaos f 2,50 bade dihatoeran djalan soepados djoeragan iasa nampi prije roepi artos pang alitna f 1000.— (Sareboe roepia).
Wedalan Tjikiray noe sajagi keneh, moeng kantoen saeutik deui:
Waw. Naraka-Doenja f 0,40.
Tjarios Pegat-Toendangan f 1,10.
Waw. Anglingdarma I f 1,75.
Waw. Kiamat-Leutik f 0,30.
Waw. Ardjoenawidjaja f 1,—.
Hojong kagoengan garwa noe anom f 0,50.

Hoermatna Boekhandel & Uitgeverij „TIKIRAY” Groote posweg 84 SOEKABOEMI

Toko Boekoe WEBER
DJALAN STATION N^o 12. TELF. N^o 13.
Prijscourant Anjar.
Parantos sajagi:
Barang-barang seueur sareng marirah Prijscourant kenging dipendoet di Toko atanapi koe kartoe pos.
Hoermatna
H. E. Taijlor Weber.

Ketoe Oedeng Makelij HALIM
West Pasir straat 16 Bandoeng
18
Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batik sapertos batik Tjiamis Solo Banjoesma a.s.l. ngawitan pangaos f 2,25 f 2,50 f 3,— f 3,50 f 5,— sareng saterana moemoekeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwirone sareng endol ngawitan pangaos f 2,— f 3,50 f 4,— f 5,—
Tiasa nampi kegtenan ngadamel ketoe Oedeng.
1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2,—
1 „ „ „ „ f 1,25
1 „ „ „ „ f 1,25
Model wiron tambah dina 1 Ketoe Oedeng f 0,25 Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaroe Bandoeng pangaos f 2,50 f 3,— f 3,50 sareng f 4,— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sa-reng enggal njeratan nganggo. Adre anoe diloeber ieu koelan.
Njajagikeun deui roepi-roepi batikan, noe sae noe kasarna roepi-roepi pangaos: Kemben, sindjang enz. wudalan Tjiamis, Tasik, Banjoesma, Djo-na enz.